PEDAGOGIKA

ҚАРАҚАЛПАҚ МИЛЛИЙ САЗ ӘСБАПЛАРЫН ОҚЫТЫЎДЫҢ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ: ДӘСТҮР ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙ МЕТОДЛАР СИНТЕЗИ

Камал Дәўлетмуратов – *оқытыўшы*
allanazarzukra@gmail.com
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ ОБУЧЕНИЯ ИГРЕ НА КАРАКАЛПАКСКИХ НАЦИОНАЛЬНЫХ МУЗЫКАЛЬНЫХ ИНСТРУМЕНТАХ: СИНТЕЗ ТРАДИЦИОННЫХ И СОВРЕМЕННЫХ МЕТОДОВ

Камал Даулетмуратов – *преподаватель*
Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана

PEDAGOGICAL FOUNDATIONS FOR TEACHING KARAKALPAK NATIONAL MUSICAL INSTRUMENTS: SYNTHESIZING TRADITIONAL AND CONTEMPORARY METHODS

Kamal Dauletmuratov – *Lecturer*
Nukus Branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture

Таяныш сөзлер: қарақалпақ музыкасы, саз әсбапларын оқытыў, музыкалық педагогика, устаз–шәкирт, кери байланыс, өзин-өзи ретлеў, атқарыўшылық шеберлик.

Резюме. Мақалада қарақалпақ миллий саз әсбапларын оқытыў процеси мәдений мийрасты жеткериў ҳәм атқарыўшылық шеберликти раўажландырыў бирлигинде талланады. Устаз–шәкирт дәстүри, мәдений жақтан турақлы педагогика, нысаналы кери байланыс ҳәм өзин-өзи ретлеп шынығыў ҳаққындағы изертлеўлер салыстырылды. Нәтийжеде тыңлаў, үлгини көрип-қайталаў, бөлшеклеп шынығыў, жанрлық контекстте атқарыў ҳәм рефлексиядан туратуғын бес басқышлы модель усынылды. Модель дуўтар, қобыз, гиржек, баламан ҳәм дәптиң техникалық өзгешеликлерине қарай дифференциацияланады.

Ключевые слова: каракалпакская музыка, обучение игре на музыкальных инструментах, музыкальная педагогика, традиция «учитель — ученик», обратная связь, саморегулируемая практика, исполнительская компетентность.

Резюме. В статье рассматривается обучение игре на каракалпакских национальных музыкальных инструментах как целостный процесс передачи культурного наследия и формирования исполнительской компетентности. Сопоставляются научные подходы к традиционной системе «учитель — ученик», культуросообразной педагогике, целенаправленной обратной связи и саморегулируемой практике. В исследовании предлагается пятиэтапная модель, включающая внимательное слушание, наблюдение и подражание, поэтапную отработку отдельных элементов, исполнение в жанровом контексте и рефлексию. Модель дифференцирована с учётом технических особенностей игры на дутаре, кобызе, гиржеке, баламане и дапе. Обосновывается, что оценивание должно учитывать не только точность исполнения и качество звучания, но и понимание стилевых особенностей, способность к самостоятельным занятиям и ответственность при ансамблевом исполнительстве.

Keywords: Karakalpak music, instrumental teaching, music pedagogy, master–apprentice tradition, feedback, self-regulated practice, performance competence.

Summary. The article examines the teaching of Karakalpak national musical instruments as an integrated process of transmitting cultural heritage and developing performance competence. Research on master–apprentice transmission, culturally sustaining pedagogy, targeted feedback, and self-regulated practice is compared. The study proposes a five-stage model comprising attentive listening, observation and imitation, segmented practice, performance in genre context, and reflection. The model is differentiated according to the technical demands of the dutar, kobyz, girjek, balaman and dap. It is argued that assessment should address not only accuracy and sound quality but also stylistic understanding, independent practice, and responsibility in ensemble performance.

КИРИСИЎ. Қарақалпақ миллий саз әсбабын үйретиў – нота текстин дурыс орынлатыў менен шекленбейтуғын педагогикалық процесс. Оқыўшы әсбапты услаўды, сес шығарыўды ҳәм техникалық қымылды өзлестириў менен бирге наманың қайсы ортада, ким тәрепинен ҳәм қандай көркемлик мәнисте атқарылатуғынын түсиниўи керек. Дуўтар бақсышылық пенен, қобыз жыраўшылық пенен, гиржек, баламан ҳәм дәп болса жеке ҳәм ансамбллик атқарыў орталығы менен байланысқанда ғана үйрениў мазмунлы болады. Саз әсбабы усылайша техника, еситиў, тарийхый яд ҳәм жәмийетлик

қарым-қатынасты бириктиретуғын билим қуралына айланады. Мәселениң актуаллығы еки жағдай менен белгиленеди. Бириншиден, дәстүрий репертуар ҳәм орынлаў усыллары көбине аўызеки түрде устаздан шәкиртке өтеди; тасымалдаў орталығы әлсиресе, техника ғана емес, наманың мәниси де жоғалыўы мүмкин. Екиншиден, ҳәзирги оқыўшы аудио, видео ҳәм мобиль қураллар менен жумыс ислейди, бирақ санлы материалды педагогикалық мақсетсиз қолланыў үстиртин қайталаўға алып келиўи ықтимал. ЮНЕСКО жанлы мийрасты билим бериўге қосыў оқыўды жәмийетлик орталық пенен байланыстыратуғынын көрсетеди [9]. Қарақалпақ қобызының соғылыўы ҳәм жыраўшылықта шертилетуғын дәстүриниң халықаралық қорғаў күн тәртибине киргизиўи де жас атқарыўшыларды системалы таярлаўдың әҳмийетин арттырады [10].

Изертлеўдиң мақсети – қарақалпақ миллий саз әсбапларын оқытыўда дәстүрий устаз–шәкирт тәжирийбесин заманагөй педагогикалық усыллар менен бириктиретуғын модель ислеп шығыў. Объект – миллий әсбапларды үйретиў процеси, предмет – сеслик үлги, техникалық шынығыў, кері байланыс ҳәм өз бетинше жумыс арасындағы педагогикалық байланыс.

ИЗЕРТЛЕЎ МАТЕРИАЛЛАРЫ ҲӘМ УСЫЛЛАРЫ

Мақала теориялық-методикалық характерге ийе. Дереклик базаға дуўтарды мектепте үйретиўге арналған жергиликли изертлеў [1], оқуў қолланбасы [2], қарақалпақ әсбапларының қурылысы ҳәм атқарыўшылық функциялары ҳаққындағы мийнет [3], мәдений жақтан турақлы музыка педагогикасы [4], кері байланыс [5–7] ҳәм санлы қураллар жәрдеминде өзин-өзи ретлеп шынығыў бойынша изертлеўлер [8] киргизилди. Теориялық таллаў, салыстырмалы педагогикалық усыл, оқыў тапсырмаларын функционаллық бөлиў ҳәм моделлестириў қолланылды.

ОҚЫТЫЎДЫҢ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ПРИНЦИПЛЕРИ

Биринши принцип – сес пенен мәдений контекстти ажыратпаў. Оқыўшы жаңа наманы үйрениўден алдын оның жанрын, атқарыў жағдайын, текст пенен байланысын ҳәм белгили устазлар үлгисин тыңлайды. Бул жантасыў репертуарды тек жатлаў материалынан мәдений пикирге айландырады. Мәдений жақтан турақлы педагогика оқыўшының өз орталығындағы музыкалық тәжирийбени сабақтың толық мазмуны ретинде қабыллаўды усынады [4].

Екинши принцип – «еситиўден қимылға, қимылдан белгиге» избе-излиги. Дәслеп оқыўшы қысқа фразаны тыңлайды, устаздың отырыўын, қол бағдарын ҳәм дем алыўын бақлайды, кейин оны әсте темпте қайталайды. Нота, аппликатура ямаса қағыс белгиси сеслик бейне пайда болғаннан кейин берилиўи нәтийжели. Үшинши принцип – техниканы майда мақсетлерге бөлиў: бир сабақта «наманы үйрениў» емес, мысалы, төрт тактта таза интонация, бир қағысты бирдей сеслендириў ямаса тартқыштың бағытын турақландырыў сыяқлы өлшенетуғын ўазыйпа қойылады.

Төртинши принцип – анық ҳәм келеси қәдәмди көрсететуғын кері байланыс. Музыка сабақларындағы изертлеўлер муғаллим ескертпелериниң көпшилиги оқыўшы жаңа ғана не ислегенин баянлаў менен шекленип, ал мақсет қойыў ҳәм өзин бақлаўға бағдарланған пикирлер аз болатуғынын көрсетеди [7]. Сонлықтан «жақсы» ямаса «дурыс емес» деген улыўма баҳа орнына үш бөликли формула қолайлы: қай көрсеткиш орынланды, қай жерди өзгертиў керек, өзгеристи оқыўшы қалай тексереди. Бесинши принцип – қәўипсизлик ҳәм дене еркинлиги. Әсбаптың өлшеми, отырыс, ийин-билек жағдайы, дем алыў ҳәм дем алыс аралығы жас өзгешелигине сай таңланады.

УСТАЗ–ШӘКИРТ ДӘСТҮРИ ҲӘМ ЗАМАНАГӨЙ КЕРИ БАЙЛАНЫС

Устаз–шәкирт дәстүриниң күшли тәрепи – билимди жанлы үлги, бирге атқарыў ҳәм көп мәрте тыңлаў арқалы жеткериў. Шәкирт устаздың тек саўсақ қимылын емес, тембр таңлаўын, фразаның демин, сахналық тәртибин ҳәм тыңлаўшы менен байланысын да қабыллайды. Бирақ үнсиз еликлеў барлық оқыўшыға бирдей түсиникли бола бермейди. Заманагөй педагогика бул дәстүрди алмастырмайды; оның ишинде жасырын турған кәсиплик шешимлерди сөз бенен айқынлайды. Устаз «қайтала» деген буйрыққа қосымша неге бул қағыс, дем ямаса штрих таңланғанын түсиндирип, шәкирттен өз шешимин айтып бериўди сорайды.

Кери байланыс тапсырма, процесс ҳәм өзин-өзи ретлеў дәрежелеринде берилиўи мүмкин [5]. Тапсырма дәрежеси конкрет қәтени көрсетеди; процесс дәрежеси оны дүзетиў стратегиясын усынады; өзин-өзи ретлеў дәрежеси оқыўшыны қәтени өзи табыўға үйретеди. Музыка бойынша

системалы шолыўлар кері байланыстың нәтийжеси оның мазмунына, ўақтына ҳәм оқыўшының оны қалай пайдаланыўына байланыслы екенин көрсетеди [6]. Демек, устаздың мақсети барлық қәтени өзи санаў емес, бара-бара шәкиртти тыңлай алатуғын, салыстыратуғын ҳәм келеси шынығыў мақсетин таңлайтуғын атқарыўшыға айландырыў.

БЕС БАСҚЫШЛЫ ОҚЫТЫЎ МОДЕЛИ

1-басқыш – Тыңлаў. Оқыўшы шығарманың толық нусқасын ҳәм қысқа фрагментин бир неше мәрте тыңлайды. Ол темп, өлшем, тийкарғы ырғақ, фраза шегарасы ҳәм тембрди сөз бенен сыпатлайды. Устаз еки атқарыў нусқасын салыстырып, айырмашылықты табыў тапсырмасын береди. Бул басқышта «дурыс жаўаптан» гөре сести саналы еситиў әдети қәлиплестириледи.

2-басқыш – Үлгини көрип-қайталаў. Устаз қысқа қимылды толық көринисте, кейин әсте темпте көрсетеди. Оқыўшы әсбапсыз имитация, ашық тарда ямаса бир сес пенен қайталап, артық дене керилиўин азайтады. Көриў үлгиси сөзлик нусқаў менен бирге бериледи: қимыл қай жерден басланады, күш қайсы бағытта берилиўи ҳәм сес қандай болыўы керек.

3-басқыш – Бөлшеклеп шынығыў. Қыйын фрагмент 2–4 тактқа бөлинеди. Оқыўшы мақсетин жазады, әсте темпте орынлайды, аудиоға жазады ҳәм үлги менен салыстырады. Қәтениң себеби саўсақ, дем, тартқыш, ырғақ ямаса еситиўге байланыслы екенин ажыратыў үйретиледи. Қысқа, дыққатлы қайталаў механикалық түрде узақ шертиўден пайдалырақ.

4-басқыш – Жанрлық контекстте атқарыў. Фрагмент толық намаға қайтарылады, кейин қосық, жыр ямаса ансамбллик партия менен бирге орынланады. Оқыўшы динамика, тембр ҳәм фразировканы тексттиң мазмунына сәйкестендиреди. Бул басқыш техникадан көркемлик пикирге өтиўди тәмийинлейди.

5-басқыш – Рефлексия. Сабақ соңында оқыўшы үш қысқа сораўға жуўап береди: не турақлы шықты, қай жер қыйын болды, үйде қай усыл менен ислеймен? Устаз келеси сабаққа бир тийкарғы ҳәм бир қосымша мақсет белгилейди. Усы цикл жаңа шығармада қайталанып, басқарыў жуўапкершилиги ақырын шәкиртке өтеди.

ӘСБАПҚА БАЙЛАНЫСЛЫ МЕТОДИКАЛЫҚ ДИФФЕРЕНЦИАЦИЯ

Дуўтарды оқытыўда денеге сай әсбап таңлаў, дурыс отырыў ҳәм оң қол қағыслары биринши орында турады. Жергиликли методикалық мийнетте де оқыўшыны дәслеп әсбаптың қурылысы, услаў ҳәм отырыў қағыйдалары менен таныстырыў усынылады [1]. Оң қолдың бир қағысы ашық тарда тең сесленгеннен кейин сол қол позициясы қосылады; соннан соң ғана еки қол координациясы қысқа намада беккемленеди. Оқыў қолланбасындағы қағыс ҳәм орынлаў тапсырмаларын [2] оқыўшының жасына қарай қысқартып, бақсы репертуарынан тыңлаў үлгилери менен толықтырыў мақсетке муўапық.

Қобызда әсбапты денеге орналастырыў, тартқышты услаў, тарға тийиў ноқаты, қозғалыс тезлиги ҳәм басым күши өз алдына үйретиледи. Ашық тардағы бир тегис сес – дәслепки өлшем; кейин созылыңқы сести даўыс пенен салыстырыў арқалы интонация раўажландырылады. Жыраўшылық контекстте қобыз партиясын вокалдан бөлек үйретип, соңынан дем ҳәм фраза бойынша бириктириў керек. Бул тараўда дәстүр сақлаўшысы болған жыраў ямаса шеберди сабаққа қатнастырыў айрықша әҳмийетли, себеби әсбап қурылысы мен атқарыў техникасы өз-ара байланыслы [3; 10]. Гиржекте тартқыш бағыты ҳәм таза интонация, баламанда демди үнемлеў ҳәм артикуляция, дәпте болса соққы орны, қолдың қайтыўы ҳәм турақлы пульс басқышлап бериледи. Бул әсбаплар топарлық сабаққа қолайлы: бир оқыўшы пульсти, екиншиси тийкарғы наманы, үшиншиси жуўап фразаны атқарады. Роллерди алмастырыў ансамбльди тыңлаўды ҳәм ортақ нәтийжеге жуўапкершиликти күшейтеди.

БАҲАЛАЎ, САНЛЫ ҚУРАЛЛАР ҲӘМ ӨЗ БЕТИНШЕ ШЫНЫҒЫЎ

Баҳалаў тек концерттеги соңғы орынлаўға байланып қалмаўы керек. Диагностикалық баҳа дәслепки мүмкиншиликти, қалыпластырыўшы баҳа сабақ барысындағы алға илгерилеўди, жуўмақлаўшы баҳа болса толық шығарманы көрсетеди. Критерий алдын ала белгили болса, оқыўшы устаздың жеке пикирин емес, өз жумысын салыстырыўға арналған анық өлшемди көреди. Усы мақалада бес өлшемнен туратуғын баҳалаў матрицасы усынылады.

1-кесте. Саз әсбабын үйрениў нәтийжелерин баҳалаў өлшемлери

Өлшем	Бақланатуғын көрсеткиш	Оқыўшы усынатуғын дәлил
Дене-техникалық	Отырыў, әсбапты услаў, қол ҳәм дем координациясы	Турақлы ҳәм еркин орынлаў
Акустикалық	Сес сапасы, ырғақ, интонация, тембрди басқарыў	Аудио ямаса сабақтағы орынлаў
Стильлик	Нама, қағыс, безек ҳәм жанрлық мазмунды сезиў	Дәстүрий репертуарды түсинип атқарыў
Өзин-өзи ретлеў	Мақсет қойыў, қәтени табыў, шынығыўды жобалаў	Қысқа күнделик ҳәм рефлексия
Ансамбллик	Тыңлаў, бирге баслаў, темп пенен динамиканы келистириў	Жуплық ямаса топарлық атқарыў

Телефондағы аудио ямаса видео жазба өзин тыңлаўға, сабақлар арасындағы өзгеристи салыстырыўға ҳәм устазға анық сораў жибериўге жәрдем береди. Балалар менен өткерилген изертлеўде қолжетимли, өзгертиўге болатын тыңлаў қураллары сеслик таныслық пенен мәселени өз бетинше шешиўди қоллаған, бирақ нәтийже бәрибир муғаллимниң турақлы жетекшилигине байланыслы болған [8]. Сол себепли санлы қурал устаздың орнын баспайды. Оған қысқа тапсырма қоса бериледи: «үлги менен өз жазыўыңның бир айырмашылығын ата», «келеси қайталаўда бир көрсеткишти өзгерт» ямаса «үш орынлаўдың ишинен ең турақлысын таңла». Жазбаны жәриялаўда оқыўшының разылығы ҳәм жеке мағлыўмат қәўипсизлиги сақланыўы тийис.

ЖУЎМАҚ. Қарақалпақ миллий саз әсбапларын нәтийжели оқытыў техника менен мәдений мазмунның, устаз үлгиси менен шәкирт белсендилигиниң, аўызеки дәстүр менен санлы қуралдың тең салмақлы байланысын талап етеди. Усынылған бес басқышлы цикл тыңлаўды қимылға, қимылды саналы шынығыўға, шынығыўды жанрлық атқарыўға, ал атқарыўды рефлексияға алып келеди. Оның педагогикалық артықмашылығы – оқыўшыға не ислейтуғынын ғана емес, не ушын ҳәм қалай тексеретуғынын да үйретиў.

Дуўтар, қобыз, гиржек, баламан ҳәм дәп ушын бирдей программа қолланыўдың орнына, сес шығарыў механизми, дене қимылы ҳәм мәдений функцияға қарай тапсырманы дифференциялаў керек. Баҳалаўда техникалық дәллик, тембр, стильлик түсиник, өз бетинше жумыс ҳәм ансамбллик жуўапкершилик бирге қаралғанда ғана атқарыўшылық компетенция толық көринеди. Келешек изертлеўде модельди музыка мектеплери ҳәм жеке устаханаларда сынап, жас топарлары, әсбап түрлери ҳәм сабақ формалары бойынша салыстырмалы нәтийжелерди анықлаў зәрүр.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Xojanov I. E. Qoraqalpoq milliy dutor cholg‘usini o‘rgatishning umumta’lim maktablardagi usuli // Oriental Art and Culture. – 2023. – 4(2). – B. 472–477.

2. Muhamedova G. Dutor: bolalar musiqa va san’at maktablari yuqori sinflari uchun o‘quv qo‘llanma. – Toshkent: Sharq, 2014. – ISBN 978-9943-26-234-8.

3. Jumaniyazov I. R. History of Karakalpak National Musical Instruments // European Journal of Arts. – 2024. – No. 2. – P. 37–43. – DOI: 10.29013/EJA-24-2-37-43.

4. Good-Perkins E. Culturally Sustaining Pedagogies in Music Education: Expanding Culturally Responsive Teaching to Sustain Diverse Musical Cultures and Identities. – New York: Routledge, 2022. – DOI: 10.4324/9781003099475.

5. McPherson G., Blackwell J., Hattie J. Feedback in music performance teaching // Frontiers in Psychology. – 2022. – Vol. 13. – Art. 891025. – DOI: 10.3389/fpsyg.2022.891025.

6. Blackwell J., Matherne N., McPherson G. A PRISMA review of research on feedback in music education and music psychology // Psychology of Music. – 2023. – Vol. 51(3). – P. 716–729. – DOI: 10.1177/03057356221109328.